

## **Konsèy ak Resous sou Varyòl Makak pou Espas Rasanbleman Rezidansyèl yo**

Dokiman sa a bay konsèy sou prevansyon varyòl makak, swen ak repons pou espas rasanbleman rezidansyèl yo nan Vil New York (New York City, NYC) epi li gen ladan l enfòmasyon sou:

- Sentòm ak transmisyon varyòl makak.
- Mezi prevansyon ak mezi kontwòl enfeksyon.
- Konsèy sou izòlman pou rezidan yo ak anplwaye yo.
- Vaksinasyon.
- Tretman ak swen.
- Resous ak referans anplis.

Espas rasanbleman rezidansyèl yo se nenpòt kote moun ki pa fè pati menm fanmi abite, ka pwòch youn ak lòt epi pataje omwen yon chanm komen (tankou yon chanm-a-kouche, kizin oswa twalèt). Anpil espas rasanbleman rezidansyèl nan NYC pliye anba règleman ak rekòmmandasyon lòt ajans minisipal, ajans Eta oswa ajans federal. Epi tou, òganizasyon yo ta dwe li konsèy ki gen rapò ak kalite etablisman yo a otorite akreditasyon oswa otorite ki bay lisans yo bay. Kolèj ak inivèsite ta dwe li dokiman ki gen pou tit "**Questions and Answers Regarding Monkeypox for Administrators and Staff of Institutions of Higher Education Such as College and Universities**" (**Kesyon ak Repons Konsènan Varyòl Makak pou Administratè ak Pèsonèl Enstitisyon Ansyèman Siperyè Tankou Kolèj ak Inivèsite**) (li disponib sou [health.ny.gov/Higher\\_Ed\\_FAQ](https://health.ny.gov/Higher_Ed_FAQ)).

### **Sentòm ak Transmisyon Varyòl Makak**

Varyòl makak la se yon maladi atrapan viris varyòl makak la bay. Li kapab lakòz maleng ki ka sanble ti bouton kwasans oswa zanpoud, ki di lè ou manyen yo epi ki gen yon vid nan mitan yo. Yon kwout ap fini pa fòme sou maleng yo, epi l ap tonbe apres. Maleng yo gendwa kouvri tout kò a oswa kèk pati nan kò a, tankou figi a, men oswa pye yo, oswa ozalantou oswa anndan bouch la, pati jenital yo oswa twou dèyè a.

Gen moun ki gen sentòm ki sanble ak sentòm grip tou — tankou lafyè, frison, gòj fè mal, glann anfle, tèt fè mal ak fatig — anvan oswa nan menm moman maleng yo ap parèt la. An jeneral, sentòm yo kòmanse twa (3) a 17 jou apre ekspozisyon an (men yo gendwa pran jiska 21 jou anvan yo parèt) epi yo kapab dire de (2) a kat (4) semèn.

Varyòl makak la simaye pi souvan nan kontak dirèk avèk maleng yon moun ki gen viris la. Pandan epidemi sa a, varyòl makak la simaye sitou pandan kontak sere, entim tankou pandan ou ap fè sèks nan bouch, nan twou dèyè ak nan vajen, nan bo, nan karese ak nan fè masaj. Varyòl makak la kapab simaye tou nan kontak avèk rad, dra oswa lòt bagay (tankou tas ak kouvè) yon moun ki gen viris la itilize, oswa lè ou respire ti gout respiratwa li bay pandan nou an kontak trè sere pandan lontan. Nenpòt moun kapab trape varyòl makak la kèlkeswa sèks li oswa oryantasyon seksyèl li. Risk pou varyòl makak la bay

maladi grav gendwa pi elve kay moun ki gen VIH yo oswa lòt pwoblèm sante ki afefbli sistèm iminitè yo, oswa kay moun ki gen antesedan egzema atopik yo.

### **Konsèy pou Izòlman ak Ekspozisyon**

#### **Izòlman**

- Voye moun ki gen sentòm varyòl makak yo al fè evalyasyon medikal san pèdi tan.
  - Moun ki gen sentòm varyòl makak yo ta dwe izole tèt yo nan yon chanm ki separe ak lòt moun yo pandan yo ap tann rezilta tès yo a.
- Nan espas rasanbleman rezidansyèl yo, nenpòt moun ki teste pozitif pou varyòl makak la **ta dwe izole tèt li** ak lòt moun yo jiskaske tout maleng yo geri epi gen yon nouvo kouch po ki fòme, sa ki kapab pran de (2) a kat (4) semèn.
  - Espas izòlman yo ta dwe gen yon pòt ki kapab fèmen.
  - Si pa genyen yon twalèt ki apa, siye sifas yo tankou kontwa, bouch twalèt, ak wobinèt avèk yon dezenfektan ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) chak fwa yo fin itilize yo.
  - Lè sa posib, moun ki gen varyòl makak yo ta dwe itilize pwòp poubèl pa yo apa, ki ta dwe double ak yon sachè poubèl kote yo izole tèt yo a.
- Moun yo konfime ki gen varyòl makak yo ta dwe pran mezi prekosyon anplis sa yo jiskaske tout maleng yo geri epi gen yon nouvo kouch po ki fòme:
  - Pinga yo fè sèks nan bouch, nan twou dèyè oswa nan vajen. Yo pa dwe gen kontak sere oswa entim.
  - Lave men ou souvan avèk savon ak dlo oswa sèvi avèk yon dezenfektan pou men abaz alkòl, sitou apre ou fin manyen yon maleng.
  - Limite kontak dirèk avèk sifas ki mou ak absòban moun pa kapab lave tankou mèb ki ranboure yo. Mete yon kouvèti sou sifas ki mou ak absòban moun kapab retire pou lave oswa jete apres.
  - Si moun yo oblije soti nan espas izòlman yo ye a, yo ta dwe:
    - Kouvri tout maleng yo avèk pansman oswa rad (tankou gan si yo gen maleng nan men yo).
    - Mete yon mask ki byen chita nan figi yo.
    - Evite kontak fizik ak espas ki gen foul moun.
    - Siye bouch twalèt la apre yo fin itilize li avèk yon ti sèvyèt mouye ki gen dezenfektan lè yo nan yon twalèt piblik oswa ki pataje.
    - **Pa** pataje ni kite lòt moun manyen rad, sèvyèt, oswa dra yo itilize.
    - **Pa** pataje ni asyèt, ni manje, ni bwason ni kouvè.
- **Anplwaye yo ta dwe sispann travay** pandan yo ap tann rezilta tès yo a. Anplwaye ki teste pozitif pou varyòl makak yo pa ta dwe retounen travay toutotan maleng yo pa geri epi pa gen yon nouvo kouch po ki fòme.
  - Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou **[on.nyc.gov/monkeypox-non-health-care-workplaces](https://on.nyc.gov/monkeypox-non-health-care-workplaces)**.

#### **Ankèt sou Kontak**

- Nan pifò aktivite, pa gen anpil risk pou varyòl makak la simaye.

- Definisyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) bay pou ekspozisyon nan pi wo degre a se lè ou te genyen youn nan kontak sa yo avèk yon moun yo konfime ki genyen varyòl makak la pandan li pa t genyen sentòm:
  - Kontak seksyèl, ki gen ladan l sèks nan bouch, nan twou dèyè oswa nan vajen.
  - Kontak sere, entim, ki gen ladan l bay akolad, sere nan bra oswa bo
  - Kontak ant po oswa mikèz ki andomaje ak maleng yo oswa likid kò moun yo konfime ki gen varyòl makak la oswa materyèl yo (tankou rad ak dra) ki gendwa te touche ak maleng li genyen yo oswa likid kò li.
    - Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou [cdc.gov/poxvirus/monkeypox/clinicians/clinical-guidance.html](https://cdc.gov/poxvirus/monkeypox/clinicians/clinical-guidance.html) epi klike sou "**Monitoring Persons Exposed**" (Siveyans Moun ki Ekspoze yo).
- Pou kounye a, yo pa rekòmande karantèn pou moun ki te ekspoze ak varyòl makak la.
- Moun ki te ekspoze ak varyòl makak yo ta dwe pase 21 jou ap siveye sentòm yo. Moun ki gen sentòm varyòl makak yo ta dwe izole tèt yo epi yo ta dwe voye yo al fè evalyasyon medikal san pèdi tan.

### Prevansyon ak Kontwòl Enfeksyon

#### Netwayaj

- Ou kapab kenbe pratik netwayaj nòmal yo nan espas rasanbleman rezidansyèl ou an sof si ou idantifye yon moun yo konfime ki gen varyòl makak.
- Ou ta dwe fè plis netwayaj si yon moun ki genyen varyòl makak la nan espas rasanbleman rezidansyèl ou an kounye a oswa li te ladan li oparavan pandan li te genyen sentòm yo.
  - Ou kapab itilize dezenfektan ki anrejistre nan EPA kont viris varyòl makak la.
    - Pou w jwenn yon lis dezenfektan ki anrejistre nan EPA, ale sou [bit.ly/epa-disinfectants-list](https://bit.ly/epa-disinfectants-list).
  - Toudabò, netwaye sifas yo ak bagay moun manyen souvan yo, tankou manch pòt, bouton limyè ak zòn ki sal yo avèk dlo ak savon, oswa detèjan.
  - Itilize metòd netwayaj imid yo, tankou pwodui likid oswa chifon mouye. Evite pase vakyòm, retire pousyè ak plimo ak bale.
  - Dezenfekte sifas ki di yo. Suiv enstriksyon fabrikan yo pou konnen konsantrasyon an, tan kontak la, prekosyon ak fason pou manyen yo.
  - Pou sifas ki mou ak tapisri mèb yo, konsidere fè netwayaj ak vapè si sifas ki absòban yo kontamine anpil.
  - Si yo reglemante etablisman ou an tankou yon anviwònman swen sante, ale sou [cdc.gov/poxvirus/monkeypox/clinicians/infection-control.html](https://cdc.gov/poxvirus/monkeypox/clinicians/infection-control.html) epi klike sou "**Infection Control in Healthcare Settings**" (Kontwòl Enfeksyon nan Anviwònman Swen Sante).

#### Eliminasyon Dechè

- Mete epi konsève dechè sal yo, tankou pansman, sèvyèt an papyè ak anbalaj manje, ak lòt fatra jeneral yo nan yon sachè ki kachte.
- Mete tout ekipman pwoteksyon pèsonèl yo (Personal Protective Equipment, PPE) ak lòt bagay moun ka jete yo nan yon sachè ou kapab mare anvan ou jete yo avèk lòt dechè yo.
- Sit ki jere dechè medikal regilyèman yo ta dwe mete tout dechè netwayaj yo nan yon sachè poubèl ki kapab kachte epi jete yo avèk dechè medikal nòmal yo.

- Sit ki **pa** jere dechè medikal regilyèman yo ta dwe mete tout dechè netwayaj yo nan sachè poubèl ki kapab kachte, mete yo nan yon lòt sachè poubèl epi jete yo nan gwo poubèl la.

### Lesiv

- Rasanble tout rad, dra, sèvyèt ak kouvèti sifas ki ka kontamine yo nan yon sachè twal ki kapab lave oswa sachè fatra an plastik anvan ou netwaye ak dezenfekte rès chanm lan.
- Lè sa posib, moun ki gen varyòl makak yo ta dwe jere ak fè pwòp lesiv yo.
- Pa sekwe rad oswa dra yo paske lè ou fè sa, sa ka simaye patikil ki bay enfeksyon yo.
- Rad ak dra yo pa ta dwe melanje avèk rad lave pa lòt moun.
- Lave epi seche rad yo nan tanperati ki pi cho yo rekòmande sou etikèt yo. Suiv etikèt ak enstriksyon ki sou detèjan an. Jete sachè fatra an plastik ou te itilize pou mete rad sal yo. Ou kapab lave sak lesiv ki lavab yo pandan w ap fè lesiv la.
- Lave men ou ak dlo ak savon oswa yon dezenfektan pou men ki abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl apre ou fin manyen rad sal yo.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou [on.nyc.gov/monkeypox-laundry](https://on.nyc.gov/monkeypox-laundry).

### PPE

- Anplwaye ak lòt moun k ap antre nan zòn izòlman yo ta dwe mete blouz, gan, pwoteksyon je ak mask (tankou mask KN95, N95 oswa lòt mask kalite siperyè yo).
- Lè anplwaye yo ak lòt moun yo ap netwaye oswa manyen dechè yo, yo ta dwe mete rad ki kouvri po yo nèt, gan ki jetab, ak yon mask N95 oswa KN95 ki kouvri bouch ak nen yo.
- Lè anplwaye yo ap manyen rad moun yo konfime oswa sispèk ki gen varyòl makak yo, fòk yo ta mete yon blouz, gan, pwoteksyon je ak yon mask N95 oswa KN95 ki byen chita nan figi yo.
- Apre yo fin retire PPE yo, yo ta dwe lave men yo ak savon ak dlo. Epitou, yo ta dwe panse pou yo itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl apre yo fin lave men yo.

### Vaksinasyon.

- Moun ki elijib ki petèt te ekspoze ak varyòl makak la dènyeman kapab pran vaksen JYNNEOS la. Yo apwouve vaksen JYNNEOS la pou prevansyon varyòl makak la kay moun ki te ekspoze yo. Lè yo vaksinen apre yo fenk sot ekspoze, sa ka redui risk yo genyen pou yo trape varyòl makak la epi si yo enfekte, sa ka fè sentòm yo mwens grav.
  - Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC ap kontakte moun ki te ekspoze yo pou li fè yo konnen si vaksen an rekòmande pou yo. Si vaksen an rekòmande pou yo, li ap ede yo pran vaksen an.
- Vaksen an gratis epi li disponib, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo oswa kote yo abite.
- Pou w pran yon randevou pou pran vaksen JYNNEOS la, rele nan 877-829-4692 oswa ale sou [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov).
- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou vaksen JYNNEOS la, ale sou [on.nyc.gov/jynneos-vaccine-faq](https://on.nyc.gov/jynneos-vaccine-faq).
- Pou w jwenn enfòmasyon ki ajou sou kritè elijiblite aktyèl pou moun ki **pa t** ekspoze yo, ale sou [nyc.gov/health/monkeypox](https://nyc.gov/health/monkeypox).
- Pou w rete okouran sou disponiblite vaksen an, voye tèks "MONKEYPOX" nan 692-692.

### Tretman ak Swen

Pa gen okenn tretman espesyal ki apwouve pou varyòl makak la. Men, gen yon antiviral ki rele tekovirimat (TPOXX), ki apwouve pou trete lavaryòl, yo kapab itilize pou moun ki gen gwo risk pou

soufri maladi grav oswa ki gen sentòm varyòl makak ki grav. Yon pwofesyonèl swen sante kapab preskri TPOXX ansanm avèk rensbouch, jèl ak lòt medikaman pou ede redui doulè, anfleman ak lagratèl, epi li kapab bay konsèy sou medikaman san preskripsyon k ap soulaje sentòm yo. Pou w jwenn plis konsèy sou fason pou w pan swen moun ki gen varyòl makak la epi ede yo redui sentòm yo gras ak medikaman ak remèd san preskripsyon, ale sou [on.nyc.gov/monkeypox-when-sick](https://on.nyc.gov/monkeypox-when-sick).

Maladi grav varyòl makak la lakoz la ka gen ladan l lafyè, kantite maleng k ap ogmante rapid, konfizyon, kou rèd, difikilte pou respire, kriz, dyare ak vomisman. Kontakte yon pwofesyonèl swen sante si sentòm ou yo agrave, sa gen ladan plis doulè, woujè oswa anfleman; si w wè ou ap bay likid ki twoub oswa ki gen koulè lèt nan maleng yo; oswa si doulè w lan anpeche ou manje, chita oswa ale nan twalèt. Si se yon ijans, rele **911**.

### **Resous ak Referans Anplis**

- Espas rasanbleman rezidansyèl nan NYC yo ka elijib pou yo jwenn mask N95 ak lòt mask yo ak PPE Enstiti Nasyonal pou Sante ak Sekirite nan Travay (National Institute for Occupational Safety and Health) apwouve atravè Sant Sèvis PPE a. Si ou gen yon kesyon sou kritè elijiblite ak aksè, voye yon imèl nan [ppesupport@health.nyc.gov](mailto:ppesupport@health.nyc.gov).
- God's Love We Deliver **ap bay repa** pou moun ki gen varyòl makak yo pandan yon peryòd ki rive jiska 30 jou. Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa fè yon demann, ale sou [glwd.org](https://glwd.org).
- Depatman Sante NYC gen yon kantite kabann izòlman ki limite ki disponib pou moun ki elijib ki genyen varyòl makak epi ki pa kapab izole tèt yo san danje. Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa sipò avèk izòlman sou plas nan espas ou a, voye yon imèl nan [isolationrequests@health.nyc.gov](mailto:isolationrequests@health.nyc.gov).
- Access NYC ede moun New York yo jwenn avantaj, tankou lajan kach oswa manje, pandan yon ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [access.nyc.gov](https://access.nyc.gov).
- Zouti Enfòmasyon sou Sante pou Otonomizasyon (Health Information Tool for Empowerment, HITE) bay yon repètwa anliy ki gen sèvis sante ak sèvis sosyal pou moun ki gen ti revni epi ki pa gen asirans ki ap viv nan NYC oswa Konte Westchester, oswa nan Long Island. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou [hitesite.org](https://hitesite.org).
- Pwofesyonèl Swen Sante ki vle preskri pasyan yo TPOXX kapab voye yon imèl nan [MPXtherapeutics@health.nyc.gov](mailto:MPXtherapeutics@health.nyc.gov) pou yo jwenn èd.
- Pou moun New York yo jwenn oswa pale ak yon pwofesyonèl swen sante, yo kapab rele **311** oswa rele nan 844-692-4629, oswa ale sou [nyc.gov/health/map](https://nyc.gov/health/map) oswa [expresscare.nyc](https://expresscare.nyc).
- NYC Well se yon liy èd pou sante mantal ki gratis ak konfidansyèl. Anplwaye NYC Well yo disponib 24 sou 24, 7 jou 7 epi yo kapab bay konsèy kout ak referans pou swen nan plis pase 200 lang. Rele nan 888-692-9355.
- Pou w enskri pou resevwa bilten nouvèl chak semèn sou varyòl makak Depatman Sante NYC pibliye a, voye yon imèl nan [MPVnews@health.nyc.gov](mailto:MPVnews@health.nyc.gov).
- Pou w mande yon prezantasyon pou òganizasyon w lan, voye yon fòm demann (li disponib sou [survey.alchemer.com/s3/6886844/Speaker-Request-Form](https://survey.alchemer.com/s3/6886844/Speaker-Request-Form)) bay Biwo Konferansye Depatman Sante NYC a.
- Ou kapab jwenn konsèy sa yo sou varyòl makak la sou sitwèb Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health, NYSDOH) ak sitwèb CDC a:
  - Ka Varyòl Makak nan Anviwònman yo Bay Swen Sante yo (NYSDOH): Ale sou [health.ny.gov/diseases/communicable/zoonoses/monkeypox/providers/docs/2022-07-25\\_guidance\\_for\\_congregate\\_healthcare\\_settings.pdf](https://health.ny.gov/diseases/communicable/zoonoses/monkeypox/providers/docs/2022-07-25_guidance_for_congregate_healthcare_settings.pdf).

- Ka Varyòl Makak nan Espas Rasanbleman ki Pa Espas Swen Sante (NYSDOH): Ale sou [health.ny.gov/diseases/communicable/zoonoses/monkeypox/providers/docs/2022-07-25\\_guidance\\_for\\_congregate\\_non-healthcare\\_settings.pdf](https://health.ny.gov/diseases/communicable/zoonoses/monkeypox/providers/docs/2022-07-25_guidance_for_congregate_non-healthcare_settings.pdf).
- Konsèy pou Netwayaj ak Dezenfeksyon Espas ki Pa Espas Swen Sante: Pandan ak Apre Izòlman pou Varyòl Makak (NYSDOH): Ale sou [health.ny.gov/diseases/communicable/zoonoses/monkeypox/docs/cleaning\\_and\\_disinfection\\_guidance.pdf](https://health.ny.gov/diseases/communicable/zoonoses/monkeypox/docs/cleaning_and_disinfection_guidance.pdf).
- Konsiderasyon pou Redui Transmisyon Varyòl Makak la nan Espas Rasanbleman Rezidansyèl yo (CDC): Ale sou [cdc.gov/poxvirus/monkeypox/community/congregate.html](https://cdc.gov/poxvirus/monkeypox/community/congregate.html).
- Pou w jwenn materyèl edikatif ak plis enfòmasyon sou varyòl makak la, ale sou:
  - [nyc.gov/health/monkeypox](https://nyc.gov/health/monkeypox)
  - [health.ny.gov/diseases/communicable/zoonoses/monkeypox](https://health.ny.gov/diseases/communicable/zoonoses/monkeypox)
  - [cdc.gov/poxvirus/monkeypox/index.html](https://cdc.gov/poxvirus/monkeypox/index.html)
  - [who.int/news-room/fact-sheets/detail/monkeypox](https://who.int/news-room/fact-sheets/detail/monkeypox)
- Konpetans rasyal la enpòtan anpil pou konprann ak konbat inegalite nan zafè sante rasis lakoz.
  - Pou w jwenn yon ansanm zouti Depatman Sante NYC a bay pou ede moun ak òganizasyon yo konprann ak konbat enjistis rasyal ak enjistis sosyal ki afekte sante moun New York yo, ale sou: [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche "**race to justice**" (lit pou lajistis).
  - Pou w jwenn yon lis ki gen resous sou divèsite ak enklizyon ki soti nan Biwo Sante Mantal NYS la, ale sou [omh.ny.gov](https://omh.ny.gov) epi chèche "**diversity and inclusion resources**" (resous sou divèsite ak enklizyon).

**Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.**  
9.15.22 Haitian Creole